**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАРАН А, IИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**
НАЖИН-ЮЬРТАН К1ОШТАН
БЕНОЙ-ВЕДАНАРА ЙУКЪАРАДЕШАРАН ИШКОЛА

**ТЕЛЛИНА**
**МЦ куьйгалхо**
_________/Эльсанова П.А.
**Протокол №** 1
**«27»** 08 **2022 ш.**

**БАРТБИНА**
**Зам.дир.по УВР**
_________ Эльсанов А.Б.
**«27»** 08 **2022 ш.**

**Нохчийн мотт а, литература а**
**1аморан низамехула мах хадоран г1ирсийн фонд** (МХГ1Ф)
**10-11 классаш**

**Х1оттийнарг:** Эльсанова П.А., нохчийн меттан, литературин хьехархо.

2022 шо

**V-XI классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу некъ:**

**Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш.**

**1. Дуьззина а, нийса а жоп далар.**
**2. Хаарийн кхетаман барам хилар.**
**3. Нохчийн литературин меттан норманаш ларйеш жоп далар.**

**«5» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; материалах пайдаэца хаахь, шен масалш далош; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йийца хаахь.

**«4» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, йуьззина схьайийцахь; шен масалш далош, материалах пайда оьцучу хенахь, цхьа-ши г1алат далийтахь, йуха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацарш хилахь.

**«3» дуьллу:**
1амийна материал, г1алаташ деш, йуьззина схьа ца йиийцахь; материалах пайда оьцучу хенахь, шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозушший йуьйцуш ца хилахь.

**«2» дуьллу:**
1амийначу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетаме, вовшашца йозушший йуьйцучу хенахь г1алаташ дийлийтахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь.

Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь барта жоьпаш луш, жигара дакъа а лаьцнехь, цуьнан балхана таллам бича, бакъонех пайдаэца хиънехь.

**V-XI классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:**

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гIалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка йукъара йуьллу.

2. Диктантана **«5»** дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гIалат дацахь йа цхьаннал сов пунктуационни гIалат ца хилахь.

3. **«4»** дуьллу, кхааннал сов орфографически а, щиннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (йа шиъ орфографичсски, кхоъ пунктуационни гIалат хилахь).

3. **«3»** дуьллу, йалханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (йа 5 орфографически, 5 пунктуационни гIалаташ хилахь).

4. **«2»** дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (йа бархIаннал сов орфографически а, ворхIаннал сов пунктуационни а) гIалаташ ца хилахь.

5. **«1»** дуьллу, нагахь 2 дуьллучул гIалаташ сов хилахь.

**Дешархочун балха тIехь гIалат лара деза, орфографически а, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант йазйале оццу классехь йа цул лахарчу классашкахь Iамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цайаздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, иштта оценка «5» ца дуьллу, диктантехь 3 йа цул сов нисдарш хилча.**

**Оценка йуьллуш, ца лоруш дуьту:**

**1.** программехь йоцу йа Iамийна йоцу орфографически а, пунктуационини а бакъонаш талхош долу гIалаташ (масала, V классехь хандешан карарчу а, йаханчу а хенийн чаккхенаш нийсайазйар, спряженешкахь хандешнийн нийсайаздар, подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире йиллар-цайиллар ца Iамадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь йу);

2. тилкхаздаьлла гIалат (описка) лору, масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* йаздинехь, *Iуьйре* хила дезачохь *Iуьйле йаздинехь;*

3. нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) йаздар, масала: йоза хила дезачохь йеза йаздахь;

4. орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш йаздар, масала: *исс - иссалгIа-уьссалгIа, итт - итталгIа – уьтталгIа;*

5. къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсайаздар, масала: *пайдаэцар - пайда эцар, нийсайаздар - нийса йаздар, гIодар - гIо дар,* и. дI. кх.;

6. дешнашкахь дифтонгаш йазйар: *къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, йеха - йиэха,* и. дI. кх. а.

7. *ЦIердешнийн къовсаме йаздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дI. кх. а;*

8. дешархоша далийтинчу гIалаташна йукъара даккхий а, кегий а гIалаташ къасто деза.

**Даккхий гIалаташ лору:**

1 хьалхенца Iамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографически, пунктуационни бакъонаш талхош долу гIалаташ.

2. Мукъазчу элпашна йуккъе йаздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хIаллакьхилла, меттахъхьайра.*

3. Дешхьалхенца йолчу йа чолхечу инфинитиван суффиксийн йазйар.

4. Хандешнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн йаздар *(оху -охуна йа охана, тоьгу - тоьгуна йа тоьгана).*

5. Хандешан ихначу хенан йазйар, масала: *бохура йа бахара, моьттура йа моттара.*

6. Кху кепара цIердешнийн йаздар: дечиган йа дечган, эчиган йа аьчган.

7. ЦIердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тIеэцна йолу йацйинчу а, йуьззинчу а форманийн йазйар, масала: *гIуллакх йа гIулкх, гIиллакх йа гIилкх.*

**Дешархочун балха тIехь цхьамогIа (кхоъ йа цул сов) цхьана бакъонна нислуш гIалаташ хилахь, диктантана оценка лакхайаккха мега, масала, дешан чаккхенга <u>н йаздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у) йаздарехь.</u>**

**Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а (фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка йуьллу-х1ора балхана шен-шен.**

**<u>Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех</u>:**

**«5»** дуьллу, массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;
**«4»** дуьллу, т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;
**«3»** дуьллу, болх ах йа цул сов нийса бинехь;
**«2»** дуьллу, болх эханал к1езиг бинехь;
**«1»** дуьллу, цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.

**Билгалдаккхар:**

Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.

**<u>V-IX классашкахь йечу талламан диктантийн мах хадор</u>**

**Диктант** – иза офографех а, пунктуацех а долу хаарш талларан кеп ю.

Талламан дешнийн диктанто зоь кхета хала йолу офограммаш. Иза хила йиш йу х1окху дешнийн барамехь:

5 класс-15-20 дош
6 класс-20-25 дош
7 класс- 25-30 дош
8 класс- 30-35 дош
9 класс- 35-40 дош.

Дешаран шеран 3-чу чийрикехь V-XI классийн дешархошна лучу диктантан герггарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:

V классана - 80-90 дош
VI классана - 90-105 дош
VII классана - 105 -120 дош
VIII классана- 120—135 дош
IX классана- 135-150 дош
X классана- 150- 160 дош
XI классана- 160 -170 дош

**(Дешнаш дагардеш лору г1уллакхан дешнаш а)**

Текст хоржуш, кху некъех пайдаэца беза:

1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературни меттан лехамашца йуьззина нийса йогIуш а хила йеза.
2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довза а довзуьйту, доски тIе дIа а йаздо.
3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, цу дешнийн нийсайаздар дешархоша Iамийна а дацахь, и дешнаш доски тIе дIайаздо.
4. Текст йоьшучу хьехархочо дIайешар литературни нийса а, муха йаздан деза, дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, Iежийн, халкъан* бохучу дешнашкахь, литературни аларан норманашца цхьаьна а догIуш, чаккхенгара н ца олу, ткъа *саьрмик, ч1егIардиг* дешнашкахь г-ний, к-ний хьалхахь долу и а долуш санна олу.

5. I чийрик чекхдаллалц (5 классехь хьалхара эхашо) текстан барам кхул хьалхарчу классехь хилларг магабо.

**Талламан дешнийн диктантан мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:**

«5» дуьллу, цхьа а г1алат дацахь;

«4» дуьллу, 1-2 г1алат хилахь;

«3» дуьллу, 3-4 г1алат хилахь;

«2» дуьллу, 7 кхаччалц г1алат хилахь;

«1» дуьллу, 7 сов г1алат хилахь.

Дешархоша кхошушбинчу ненан меттан йозанан белхашна х1итточу оценкийн ч1аг1йина норманаш лелоро г1о дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхайаккхарна а, 1аморан а, талларан а кепара болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.

Дешархойн хаарийн мах хадорехь коьрта йолчу цхьанакепара йолчу оценкийн норманаша хьехархо мукъа ца вуьту х1ора йозанан белхан мах, массо аг1о а лоруш, шен-шен башхаллашца хадоран хьехархо декхарийлахь ву, г1алаташ а, церан масалла а тидаме эцна ца 1аш, кхочушбинчу белхан дикалла а, г1алатийн башхаллаш а тидаме эца.

Х1ора дешаран шо долалуш хьалхарчу четвертехь талламан белхан (диктантан) текстехь дешнийн дукхалла д1адахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан дешнийн дукхаллехь маго йеза. Ненан маттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

## <u>II. Изложенийн мах хадор</u>

Сочинени а, изложени а йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) йу.

5-9 классашкахь сочинени, изложени йазйар д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

**Сочинени а, изложени а йазйарехь толлу:**

1) билгалйина тема схьайелла хаар;

2) темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;

3) меттан барам а, нийсайаздаран бакъонаш а ларйар.

Сочиненин а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсайаздарна а, сацаран хьаьркаш йахкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

**Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:**

1) болх темица бог1уш бу йа бац;

2) тема кхачо йоллуш схьайиллина йу йа йац;

3) чулацаман хиламийн рог1алла нийса йу йа йац;

4) меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна йа ца эцна;

5) къамелан кхачамбацарш ду йа дац.

Нийсайаздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсайаздаран, сацаран хьаьркаш йаххкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина. Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила йеза.

**Изложенина текст харжа йеза кху барамашкахь:**

Vклассана – 100-120 дош
VI классана – 150-200 дош
VII классана – 220-250 дош
VIII классана – 300-350 дош
IX классана – 350-390 дош
X классана – 390-400 дош
XI классана – 400-410 дош

**Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу.**

**Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:**

1. **«5» дуьллу:**

а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, йуьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаьккхина х1ума доцуш а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин йа пунктуацин г1алат а дацахь.

2. **«4» дуьллу:**

а) нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн йерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.

3. **«3» дуьллу**:

а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а йелахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а йалийтинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, йалханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

4. **«2» дуьллу:**

а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалха-т1аьхьа нийса йийцарехь йаккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а йелахь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь йалханга кхочуш г1алат динехь;

б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна йукъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.

Изложенина ши оценка йуьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

## III. Сочиненийн мах хадор

5-9 классашкахь йазйечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:

5 классехь-0,5 - 1,0 аг1о;
6 классехь-1,0 - 1,5 аг1о;
7 классехь-1,5 - 2 аг1о;
8 классехь-2 - 3 аг1о;
9 классехь-3 - 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаа деза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;

2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин йа пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь пхеаннал-йалханнал сов г1алат дацахь;

аь) пхеаннал сов орфографин а, йалханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;

аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна йукъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

**Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.**

Ненан меттан йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

З.Д. Джамалхановн, Овхадов М.Р., Абдулкадырова Р.А. «Нохчийн мотт» программи т1ехь

| Рог1. № | Мах хадоран г1ирсан ц1е | Ахшо | Х1оттийнарг |
|---|---|---|---|
| 1 | Талламан диктант №1 «Д1адахнарг дагалоьцуш» грамматически т1едилларца | I | Абдурзаков Ш.И., Дудаев С.А.-Х., Дашаева Л.Х., Тутуева С.Л, Хунарикова П.А. «Нохчийн меттан диктанташ 10-11 классаш». Соьлжа-Г1ала -2019 |
| 2 | Изложени «Ден дозалла» | | Изложени язъян 1амор. Хьехархошна лерина. Эдилов С.Э. Соьлжа-ГIала АО «ИПК «Грозненский рабочий»-20I8 |
| 3 | Изложени «Дош къовсар» | II | Изложени язъян 1амор. Хьехархошна лерина. Эдилов С.Э. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Соьлжа-ГIала АО «ИПК «Грозненский рабочий»-20I8 |
| **4** | Талламан диктант №2 «Дуьненан ирс» грамматически т1едилларца «Лексикологи» темина лерина | | Абдурзаков Ш.И., Дудаев С.А.-Х., Дашаева Л.Х., Тутуева С.Л, Хунарикова П.А. «Нохчийн меттан диктанташ 10-11 классаш». Соьлжа-Г1ала -2019 |
| **5** | Талламан диктант №3 «Историн урокехь» грамматически т1едилларца «Къамелан дакъош» темина лерина | | Абдурзаков Ш.И., Дудаев С.А.-Х., Дашаева Л.Х., Тутуева С.Л, Хунарикова П.А. «Нохчийн меттан диктанташ 10-11 классаш». Соьлжа-Г1ала -2019 |

**10 классан дешархойн хьалхарчу эхашеран хаарш талларан коьчал.**

**Хаарш талларан болх № 1**

**Грамматически т1едилларца диктант**

**«Д1адахнарг дагалоьцуш».**

Бешахь болх бина а ваьлла, ц1ехьа вог1ура Тавсолта. Схьабог1уш гонахарчу 1аламе кест-кеста б1аьрг тухура цо. Цунна езара ша вина х1ара Эскиной-юрт а, шайн дахаран даима теш хилла лаьтта гонахара и лаьмнаш а. Эскиной йоцчохь, вахар-вар доцург, бутт а ца баькkхинера Тавсолтас.

Чувахале, ша вог1учу новкъара схба а вирзина, Ц1ен-Бердехьа вахара иза; схьахезира масачу Яссин г1овг1а. гучуелира маь1-маь11ера бацо сенйина лекхачу бердан ц1ен тарх. Бердан йисте д1ах1оьттира Тавсолта. Тулг1еша аьгна хин йист лакхара кегийра чукерчара, амма берд тешаме бара. Цу ц1ен бердехь, Яссин хийистехь, д1аяхнера кхуьнан ерриг а жималла. Х1етахь, дукха зама хьалха, бердах киртигаш йохуш баькkхинчу новкъа хит1а йог1ура кхунна езаелла къона Нурбика. Ма товш хуьлура и, гуьлмаьнда а тиллина, к1удал а белша т1ехь хийистехь лаьтташ, ц1ечу пошмакхан буьхьиг байн лаьттах а хьоьккхуш!

Х1етахь Нурбика йолчу миччара а сиха кхочура Товсолта, наггахь бен т1едухуш доцчу исхаран чоица, к1айчу бустамашца, шен борачу динахь, детица кхелина шедан кхаж буйна а къуьйлуш…

(148 дош    М.А.Сулаев)

**Т1едиллар.**

1. 1-чу абзацера ц1ерметдешнаш схьаязде, церан тайпанаш билгалдаха.
2. 2-чу абзацера яханчу хенан хандош схьаязде.
3. Текстера схьаязде дош карладоккхуш кхолладелла куцдешнаш.

**Ден дозалла**

Ворх1 к1ант ву Даркешан. Ворх1е а – ден  дозалла. Цуьнан г1ортораш. Ворх1е а – пепнаш санна, дог1маш долуш, болатах воьттича санна, онда. Г1иллакхах вухур воцушший, яхь д1алур йоцушший.

Иштта кхиийна уьш дас. Цо х1инца а олу шен к1енташка: «Хьалха а ма хила, т1аьхьа а ма хила. Шун меттиг юккъехь ю».

Цкъа воккхахволчу Аьрзус, 1а а ца велла, хаьттина хилла дега,

и юккъера меттиг х1унда хоьржу ахь шайна аьлла.

Даркеш оьг1аз ца вахара оцу хаттарна. Тера дара цо и лардинчух.  «Хьалха вийла 1еминарг массо а х1уманна т1ехь а хьалхара хила лууш хуьлу, т1ехьа сеца 1еминарг массо а х1уманна т1ехь а т1аьхьара хила лууш хуьлу. Хьалха валий, т1аьхьа висий стаг гуттар а караво. Муьлххачу а г1уллакхан коьрта йозалла шена т1еоьцуш ерг юкъ ю.  И онда елахь, халкъан доь довр дац», – жоп делира Даркеша.

Ден хьехар лардира к1енташа. Ц1агарица паччахьан салташна к1ело ян баханчохь а. Коьрталла ца къевсира цхьаьнцца а. Кхечаьрца цхьанийсса лийтира вежарий Хьарг1ий, Олхазаррий, Маккхаллий. Т1аьхьарчунна пхьаьрсах чов а йинера.

Салтийн тоьпаш а йохьуш, Ц1агарин тоба ц1а йирзича, гихоша доккха са даьккхира… Цхьана Аружин юьхь т1ехь ца хаалора я хазахетар а, я халахетар а. Иза йоьллера шен кхузткъе итт шара чохь к1ентий кхерамечу новкъа а бохуш, уьш могуш-маьрша бухаберзаре хьежарх.

Ворх1 к1ант ву Даркешин доьзалехь. Ворх1 к1ант – ненан ворх1 са. Цхьана деган эшарехь деттало и ворх1 са, цхьанна цатам хилча, берриге а кийра 1овжош, хазахетар хилча, кийрахь меттиг ца тоьуш…

Кхо к1ант дена дуьхьал х1оьттира. Хьалха вистхилира кхааннах воккхах волу Хьарг1а.

– Дада, тхо духадирзи, зен-зулам ца хуьлуш.

– Бакъахьа хир ду, – к1ентийн  б1аьра ца хьожуш, бен доцчуха жоп ло Даркеша. – Парг1ат хила.

(343 дош)

(Л. Яхъяев «Гихойн Таймасха»)

Хьесап:

1.Ден дозалла..
2. Ден хьехамаш.
3. К1енташа ден хьехар лардар.
4. Аружин доьналла.

5. Дена дуьхьал х1оттар.

**Изложени «Дош къовсар»**

- Башха, бакъахьара, оьзда нах бу. Джамалдин, Джамалайлий, бохуш воккха шиъ ву, зударий а балийна. Жимах волу Шамсуддин зуда ялоза ву. Жанхот ю церан ден ц1е. Оцу дас дика дола деш хазачу г1иллакхашца кхиъна бу к1ентий, юьртахошца дика тарлуш, к1еда-мерза нах бу. Стаг г1ийла хиларх, миска хиларх, цуьнца бакъо йоцург дуьйцур доцуш, бакъонна т1аьхьакхиа лууш нах бу. Амма харцлуьйш волчунна дуьхьалбевр болуш а бу-кх, и шайн да Жанхот велахь а.

Нийсо езаш, бакъонна т1екхиа лууш уьш хилар гойтуш долу цхьа г1уллакх даьллера оцу вежаршкара.

Цхьана дийнахь хьуьнах талла вахана хиллера и кхоъ. Толлуш лелаш, лу дийнера цара. Лун жижиг нийсса кхо дакъа а дина, декънера. Ткъа екъа таро йоцуш йолу лун ц1ока къевсина хиллера- хьуна йог1ий, суна йог1ий, аьлла.Цу т1ехь шайн вовшашлахь цхьа барт а ца хилла, шаьш ц1а ма кхаьччинехь, къаной а ховшийна, и г1уллакх кхеле диллинера цара. Ладог1а гулделла дукха адамаш а долуш, х1окху кхаа вашас рог1анна кийтарлонаш а еш, кхаа дийнахь сарралц къастийнера къаноша и г1уллакх. Кхано, къаноша шайн кхел схьакхайкхинчул т1аьхьа, гулделла адамаш, оцу хенахь кхелан хьокъехь шайн-шайна хетарг дуьйцуш, д1адохаза лаьтташ а долуш, цхьана маь11ехьа а таь1на, гулахь, вовшашка бертахь къамелаш деш лаьтташ хиллера Джамалдин, Джамалайлий, Шамсуддий. Царна т1е а веана, Джанхота цаьрга аьлла хиллера: «Къонахий хир ду, олий, наха ц1е йоккхуш дара шу. Суна, хетарехь, ледара г1уллакх дара-кх х1ара аша х1оттийнарг-бертахь волчу кхаа вашас, лун ц1ока къуьйсуш, дийнна мохк а гулбина, кхаа дийнахь кийтарлонаш а еш, къаношка кхел а йойтуш. Суна йоккха ледарло хийти-кх шун иза», - аьлла.

Ткъа цунна жоп луш, вежаршлахь жимах волчу Шамсуддис шен дега Джанхоте аьллера: «Хьо ма-дарра дикка ца кхетта, таро ю, дада,оцу г1уллакхах. Оха къийсинарг ц1ока яцарий. И тайпа ц1ок1арчий-м вайн раг1ун тхов а буьзна 1охкуш яй, цхьаммо а царах деш х1ума а доцуш. Оха къийсинарг-м дош дарий! Дош! Оха кхеле диллинарг-м тхаьшна юкъахь харцой, бакъой къастор дарий. Ткъа харцо берахьчу вежаршна юкъахь а хила ца йог1у.

**План:**

1. Г1иллакхехь кхиийна доьзалхой.
2. Лун ц1ока къовсар.
3. Къонахаша йина кхел.
4. Дас бехк баккхар.
5. Харцой, бакъой коьрта ларар.

**Дешнаш т1ехь болх:**

Лу-косуля
Кийтарло-показание (на допросе в свое оправдание)

Кхел-приговор.

**Уьн т1ехь яздо**

Джамалдин, Джамалайла, Шамсуддин, Джанхот, кийтарлонаш, т1аьхьаккхиа, дуьхьалбевр, нийсса, рогг1ана, ма11ехьа, кхеччинехь, кхел

**10 классан дешархойн хьалхарчу эхашеран хаарш талларан коьчал.**

**«Дуьненан ирс»**

Цхьа мехкан дай, цхьа кура элий хиллера сакьера хевшина Іаш. Даархмаларх шаьш буьзча, догІмашна паргІато луш, кузашна тІетийсинчу гІайбеш тІехула шаьш агІорбевлча, элаша вовшашка хаьттинера, хьанна мила хила лаьара вайна кху дуьненахь аьлла.

Шен болчунна тІе кхин оццул бахам безара шена, аьллера цхьамма. Кхаа мехкан эла хила лаьара шена аьлла, билгалдаьккхинера вукхо. КхоалгІачо, шена дуьненан да хила лаьара олуш, жоп деллера хаттарна. Вукху шимма цуьнга бехк баьккхинера.

«Шу ца кхийти сох, – церан бехк тІе ца лаьцнера кхоалгІачо, – шу а ца девзаш, шуна а ца вевзаш, юьрта йисттехь цхьа жима хІусам а йина, сарралц даьккхинарг сарахь пхьор даъал бен а ца хуьлуш, цхьана бертахьчу, сайна муьтІахьчу хІусамненаца вехаш хилла велара со, тІаккха хир вара-кх сох дуьненан да», – аьлла. Важа ши эла ойланашка ваханера, кхоалгІаниг бакьлуьйш вуйла а хиъна.

Ткъа хьанна ца лиъмера, хьанна, кху дуьненан да хилла ваха, кху дуьненах шен нус ян, хІара дуьне шена декхарла дерзо?!

(149 дош)
(Нохчийн фольклор)

**ТІедиллар.**
1. Лексически маьІна даста «**пхьор**» бохучу дешан.
2. 2-чу предложенера «**паргІато**» бохучу дашна синоним ялае.
3. Текстера 2 фразеологизм схьаязъе.

**10 классан дешархойн шолг1ачу эхашеран хаарш талларан коьчал.**

**Грамматически т1едилларца диктант.**

« **Историн агІонаш»**

Бес-бесара ойланаш туьйсу тІулгаша коьрте а, даг чу а...
Халкъо олу: «Хи дІадоьду, тІулгаш дуьсу». Иза доккха маьІна долуш хІума ду. ТогІи чухула охьадогІучу шовданан хи дац и дуьйцург, дерриге а совнаха дерг, эрна, дош доцуш довш дерг ду. ТІулгаш дац дуьйцуш дерш, тогІешкахь Іохку. Дерриге а бакъдерг, сийлахь дерг, стагах къонаха веш дерг ду.

Кху тIехь аса вовшахдетта гулдина тIулгаш – уьш историн агIонаш, доьналле адамаш, халкъийн уьйраш ю! И тайпа тIулгаш вовшахтоьхча, царех хуьлу шатайпа бIов! Вайн таханелерчу дахаран бIов! ХIора къонахчун кхетаман бIов! И тайпа бIов ютту тIулгаш ахчанах эцалуш дац. Уьш гуллуш ду хьанал некъ буьллучу хIора стеган кхетамехь. И тайпа тIулгаш алсам гулдаларе терра ю хIора стеган син бIаьвнан локхалла, хазалла, ондалла!

Стенах ютту вай вешан дийцаран бIов? Иза Iаламат исбаьхьа хир ю, массо хIуман тIехь нийса юттур ю ала-м хаац. Цуьнан нийсалла, ондалла замано зуьйр ю. И бIов охьакхетахь а, дац хIумма а: цуьнан тIулгаш кхечунна оьшур ду. Амма чIогIа лаьа айса юттучу бIаьвнна сирла стигал а, бовхачу маьлхан зIаьнарш а гойла!

(167 дош)

(С.-Хь.М.Нунуев)

**ТIедиллар**.

1. 2-чу абзацера цIерметдешнаш схьаязде. Царех цхьаъ легаде.
2. 3-чу абзацера йогIучу хенан хандешнаш схьаязде.
3. ***Иза Iаламат исбаьхьа хир ю, массо хIуман тIехь нийса юттур ю ала-м хаац.*** ХIокху предложенера хандешнийн спряженеш билгалъяха.

**11 класс.**

З.Д. Джамалхановн, Овхадов М.Р., Абдулкадырова Р.А. «Нохчийн мотт» программи т1ехь

| **Рог1. №** | **Мах хадоран г1ирсан ц1е** | **Ахшо** | **Х1оттийнарг** |
|---|---|---|---|
| **1** | Талламан диктант №1 «Шийла кхаъ» грамматически т1едилларца | **I** | Абдурзаков Ш.И., Дудаев С.А.-Х., Дашаева Л.Х., Тутуева С.Л, Хунарикова П.А. «Нохчийн меттан диктанташ 10-11 классаш». Соьлжа-Г1ала -2019 |
| **2** | Изложени «Къонахалла» | | Изложени язъян 1амор. Хьехархошна лерина. Эдилов С.Э. Соьлжа-ГIала АО «ИПК «Грозненский рабочий»-20I8 |
| **3** | Талламан диктант №2 «Нохчочун ненан дог» | **II** | Абдурзаков Ш.И., Дудаев С.А.-Х., Дашаева Л.Х., Тутуева С.Л, Хунарикова П.А. «Нохчийн меттан диктанташ 10-11 классаш». Соьлжа-Г1ала -2019 |
| **4** | Изложени «Оьзда мотт» | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **5** | Талламан диктант №3 «Бохам» грамматически т1едилларца. | | Абдурзаков Ш.И., Дудаев С.А.-Х., Дашаева Л.Х., Тутуева С.Л, Хунарикова П.А. «Нохчийн меттан диктанташ 10-11 классаш». Соьлжа-Г1ала -2019 |

**Хаарш талларан болх № 1**

**Грамматически т1едилларца диктант**

**«Шийла кхаъ»**

Лахьанан беттан тIаьххьара де дара Делан къинхетамца деъна. Де делкъал тIаьхьенга лестинчу хенахь мархашна кIелдIахула, ша кIезиг гойтуш, малх къайлабелира, цхьана хIуманах дIалачкъа боьдуш санна. Арахь шелъяла йолаелира, тIесерса доладелла дерз дагна Iаткъаме дара.

Зулай могаш яцара, амма доьналла долуш, сий-ларам болуш, гIиллакхе яра массаьрца а. Цу дийнахь, Iаьнан кечамна цхьа машен юьззина деана дечиг керта дIа а даьхьна, нораш а хьаькхна, чубирзира цуьнан доьзал.

Хьалхарчу буса набаран суй банза яра Зулай. Цамгаро оцу деношкахь мелла а сабIарздинера цуьнан. Доцчу денца пеш лато хIоьттира иза. Цунна ца хаьара маьркIаж-хан кхачале шен дагна шийла кхаъкхачор буйла. Иза тешна яра шен кIант могаш-маьрша цIавоьрзург хиларх. Мичара дели а ца хууш, корах деана олхазар кхийтира. Амма иза, можа бIагор беача санна, дуьйжира. Цхьа тамашена дог тохаделла, охьалахъелира Зулай. «Цхьа кийрара схьаэккха гIерташ санна, деттало-кх сан дилха дог», – аьлла, йистхилира иза.

Дависа хьан, ненан дог, тохаделла, кийрара схьадаьлла даха меттиг йоцуш, хьан бIаьрза хьийзар.

(151дош)

(Б.Н.Исакова)

**ТIедиллар**.

1. 1-чу абзацера чолхе предложени синтаксически талла.
2. Схьаязбе текстера меттан суртхIотторан гIирсаш: цхьа дустар, цхьа эпитет.
3. Текстера риторически тIедерзар схьаязде.

**Талламан болх**

**«Нохчочун ненан дог»**

Доьзалхочунна моьтту, шега шен деган къайленаш ненах лачкъало. Ткъа гуш доцчу пхенашца шен берийн дегнех дозаделла ненан дог ша-шах кхуьу церан къайленех. Бер мел генахь делахь а, шен берана хазахетар хилча, доккхадеш

тохало, ткъа цуьнан кийра цхьана балано хьовзабахь, сингаттамо д1алоцу ненан дог, ненан дог – шайх ду.

Декъаза дара нохчочун ненан дог. Берех самукъадаьлла тохадалар к1езиг хуьлура цуьнан. Оцу заманахь къаьсттина. К1ант вича, цунна хаьара, иза шен воций. Цунна лаахь а, цунна мел везарх а, ваха лаарх а, цуьнан вацара иза, халкъан вара. Х1етта кога ваьлла к1ант, г1аш юккъе сара а боьллина, марг1ал лестош, волавелча нанна хаьара цхьа пхийтта шо даьлча иза халкъан г1уллакхан дуьхьа кех вер вуйла. Т1аккха дуьйна д1адолалора ненера 1азап. 1уьйранна цунна т1аьхьа хьоьжура, Деле до1анаш деш. Миччахьа а цхьанхьа говрийн, я чехкка вог1учу стеган когийн тата хезча, я лаамана лулахочо шега мохь тоьхча, дег1е зуз хьодура…

Иштта д1аоьхура шераш, иттаннаш шераш, хlора денна нана юьйш, денъеш, хеназа къежъеш. Оцу халачу, кхерамечу шераша дахчийнера нохчочун ненан дог.

Къеначу Х1анг1азан кийра богуш бара т1аьхьарчу хенахь. Къаьсттина лерина тергалвора шен к1ант 1аьлбаг. Ямайрачо а, я к1енташа а шега ца дийцахь а, цунна хаьара х1инццалц схьа дика 1алашбеллачу шен доьзална т1е кхерам кхозабеллийла. Ткъа тахана, делкъан ламазаш динчул т1аьхьа 1аьлбаг ша чу веача кхийтира нана и де т1екхаьча хиларна.

(А. Айдамиров «Лаьмнашкахь ткъес» роман).

## Изложени

### «Оьза мотт»

**Хьесап:**

1. **Стеган сий цуьнан матто до.**
2. **2. Вайна меттан хазаллин мехалла.**

**3. Оьздачу матто г1о до дахаран новкъахь ц1ена чекхвала.**

Дайн орамашкара дуьйна схьадог1уш цхьа г1иллакх ду нохчийн – стаг шен дашца къастош. Цигара охьадаьлла ду «Хьайн багах схьадалазчу дешан эла ву хьо, багах схьадаьллачу дешан лай ву», боху кица. Нахалахь айхьа мел аьллачу дашах жоьпалла ву бохург ду и. Далла а, нахана а гергахь деза, сийлахь ду адамо шен меттан доладар я багах схьа мел долучу дешан оьздангалла ларъяр. Ткъа и мотт харц а, шалхонца а лебар, адамана бала хин болчу кепара бийцар даккхийчу къинойх, зуламечу лазарех ду.

Дош хила тарло г1ийлачун, мискачун,… дархочун дог-ойла хьостуш к1еда, мерза, аьхна, довха а я г1ийлачунна хьовха, поп санна волчу къонахчунна а луьра, къиза а. Меттан хазалла а, меттан говзалла а гучуяккхар магийна ду вайнехан 1едалехь, Далла 1ибадат деш, йо1е безам балхош (буьйцуш), адамашна юкъахь лелла дов дерзош, ч1ирхошна юкъахь масла1ат деш, да-нана хьостуш.

Оьзда мотт бийца стаг шен бераллехь дуьйна 1ама веза, баккхийчаьрга ла а дуг1уш, цаьргара масал а оьцуш. Хала делахь а – иза дахарехь ца хилча йиш йоцу

уггаре а коьртаниг ду. Оьзда мотт (къамел) адамийн юкъаметтиган дакъа хилла ца 1а, иза вайх х1оранннан сица, кхетамца хила дог1у жовх1ар ду. Цо г1о до оьзда боцчу нехан лаамна к1ел ца воьдуш, цунах ларвала а, шен дахаран новкъахь ц1ена чекхвала а.

**Изложени «Дааделла ленаш».**

Сатасаза дара Мутуш набарха ваьлча. Говр-ворда д1а а йоьжна, чохь берш сама а ца бохуш, вордан т1е хи а, кхин цхьацца х1ума а йиллина, кех велира иза. Сихха, цхьа а хало йоцуш йог1ура кхуьнан говр, шен деха ц1ога а лестош.

Ойланийн «набарха» ваьллачу Мушана юьртал дуккха генахь долчу ирзо т1е кхачар хиира. Кхузахь говр а сацийна, и д1а а хецна, селхана ша мангал тоха билгалъяьккхинчу басо йолчу вахара иза.

Дуьнент1ехь мел болу бала бицбелира Мутушина мангал тоха волавелча. Малх  лакха балале , ворда йоьттина буц хьакхира цо. Бацах йоьттинчу ворда т1е а хиъна, ц1ехьа йолаялийтира кхуо шен говр, ша ц1ера еана х1ума яа виц а велла.

Де дохлуш лаьттара. Аренашка хьоьжуш вог1учу Мутушна шен говран ког шершича санна хийтира. Говр саца а йина, шен вордан т1ера охьа а воьссина, цхьацца ког а ойуш, д1ахьаьжначу цунна хьалхарчу когийн ший а лан шарделла хилар гира.

Ц1а ма- кхеччинехь, ленаш хийца г1ур ву ша аьлла, ч1аг1о йира воккхачу стага. Амма мел ч1ог1а ойла ярх, кхеран юьртахь говран ленаш тоха хуур долу цхьа а пхьар дага ца вог1ура. Кхуо хьалха ленаш тохайтинарг кхелхина масех бутт баьллера.

«Хьан оьшу х1инца говр-ворда ?» –х1оьттура ша-шега воккхачу стага. Говран хийца дезачу  ленаша ойланаш йойтучу Мутуша дагалоьцура районехь мел йолчу юьртара шен вевза эчиган пхьар,  амма цхьа а царах дийнаверг дага ца вог1ура. Иштта наггахь говран когаш шершаш  ц1а кхечира Мутуша. Сихха говр д1а а хецна, х1ума а кхаьллина, кех а ваьлла дйавахара иза. Шина сахьтехь некъ бича д1акхечира х1ара луларчу юьрта. Мел ч1ог1а кхо хеттарх, кхузахь а говран ленаш тоха хууш  стаг ца карийра кхунна. Мутуша ойла йора «Муха дехар ду адамаш говраш д1аевлча?». Мел ойлаярх кхета ца туьгура и даима а машенех самукъадолуш болчарех.

«Цуьнан дог а, кхетам а шийла хир бу-кха и машен сана, цхьанна а адаман деган ойланех  ца кхеташ», - бохура цо ша-шега. Цуьнан б1аьргашна хьалха

х1оьттира говраш хоххучохь гулбелларш. Ма маьхьарий хьоьхкура цара, шайн хазахета говр хьалхаяларе сатуьйсуш. Царна лаьа-кх чохь са долчу , хьекъалечу, эсалчу адамашна б1ешерашкахь тешаме доттаг1 хилла говраш гойла, церан хазаллех, ницкъах баккхийбен.  Ткъа х1унда ду иза, деза де т1екхаччалц говраш цхьанна а дага ца яр?

Ерриге а районехь мел йолчу юьрта вахара Мутуш говрана ленаш тухуш,  уьш деш йолу меттиг лоьхуш. Амма кхунна и меттиг ца карийра. Т1аьххара а Теркал дехьахь цхьаммо цхьа оьрсийн пхьар ву ленаш тоха хууш а аьлла, цига ваха новкъавелира иза. Мутуша дог ца дуьллура. (Хажмурадов 1.)

**План:**

1. Ирзохь мангал хьакхар.
2. Дааделла ленаш.
3. Пхьерах лаьцна ойланаш.
4. Пхьар карош вац.
5. Тешаме доттаг1- говр.
6. Мутуша дог ца дуьллу.

**Доски т1е д1аязде: лурвоьлла стаг, ур-атталла, деллахьа, г1иллакх-оьздангалла, миччахьа, мостаг1алл, ч1ирхо.**

## 11 классан дешархойн хьалхарчу эхашеран хаарш талларан коьчал. Грамматически т1едилларца диктант.

### «Расха»

Ерриге а гIопачохь а кхо-биъ доьзалан бен ца йисинера шайн долахь говраш. Уьш а комиссис ца магош йисинарш яра. Царех цхьаъ тхайниг яра. Ханна йоккха хиларал совнаха, аьрру бIаьрга тIехь кIай долуш а яра Расха. Говрана Iуналла дар Iийсаний, суний тIехь дисинера. Со цIахь воцчу шина баттахь да ваьлла говре хьожуш хиллачу Iийсас хIинца, со цIа кхаьчна аьлла, говр башха тергал а ца йора. Шен карахдаьлча, наггахь докъаран цIов-м тосура цо, ткъа суна Расха дукхаезара.

Хьекъал долуш говр яра иза. Шега кхайкхича, тIейогIура, шега бехча, ког а кховдабора, сан кераюккъера шекар а, кампет а дIаоьцура цо. Геннара со шена гича а, терсаш, шена тIевоьхура цо со. Я, ша яьстина хилча, йодий суна тIе а йогIий, шен корта сан белша тIе буьллура Расхас.

Аьхкенан довха денош даьхкича, кест-кеста лийчо а юьгура аса говр. Расхина хаза а хетара ша лийчош. Терсаш, «хурр» деш, хи чухула йоргIа хьоькхуш дIасауьдуш, лелара иза. ЦIеххьана вуха а воьрзий, канашкахь цуьнан бетах хи детта волалора со. Резахуьлий, корта а лестош, хи чу ког бетта йолалора Расха...

(171дош)

(Хь.Б.Саракаев)

**ТIедиллар**.

1. Текстера чолхе-цхьаьнакхетта предложени схьалаха.

Цуьнан грамматически лардаш схьаязъе.

2. Цу предложенера хуттург схьаязъе, цуьнан тайпа билгалдаккха.

3. 1-чу абзацера чолхе-карара предложени схьалаха, тIетухучу предложенин тайпа билгалдаккха.

**11 классан дешархойн шолг1ачу эхашеран хаарш талларан коьчал.**
**Грамматически т1едилларца диктант.**
**«Бохам»**

Пхи шо дара моьтту суна сайн цу гурахь, Iаьнна кечйинчу алах сан вашас цIе тесча. Тхойшиъ сирникех ловзуш вара, вовшашна уьш, лета а еш, тIеттIа кхуьйсуш; сарахь дара иза, маьркIажан бода къовлалуш.

Сан ваша, сол ши шо воккхахволу, тIаьххьара а, и ловзар кIорда а дина, ала тIе сирникаш кхийса хIоьттира. Асамохь хьоькхура, саца бохуш. ЦIе эххар а марсаелира, тхойшинга дIа а ца яйалуш.

Тхойшиъ ведда, божалан тхов тIе а ваьлла, дIалечкъира, шипаран бисткхачалучухула хьераяьллачу цIаре а хьоьжуш. Йол дукха яра, арц санна, ирх а яхана, рагIу санна, ехха йоьттина. Маьхьарий дара тхойшинна хезаш, тхан да а, девежарий а, лулахой а болуш юкъахь. «Ши кIант лаха, ши кIант! – бохуш, мохь беттара тхан дас. – Йол йита, ши кIант схьалаха, ваьгний хьажа ши кIант!»

Со вилхира, мохь а баьлла, дена тхойшиъ велла моьттиний а хиъна.

И йогу цIе а, маьхьарий а, и дIасауьду нах а битина, дас тхов тIера охьаваьkkхира тхойша: «Велха ма велха, дукхаваха шуьшиъ, шуьшиъ дийна хилчхьана... йол-м жIаьлеша яахьара», – бохуш, тхойшиъ кхеравеллий а хиъна, веларца хьеста а хьоьстуш.

(170 дош)
(М.Э.Бексултанов)

**ТIедиллар**.

1. Текстера шакъаьстина къастам схьаязбе.
2. Текстера хуттургаш йоцу чолхе предложени схьалаха, цуьнан грамматически лардаш билгалъяха.
3. 3-чу абзацера ма-дарра къамелан схема хIоттае.

| **10 класс**<br><br>**Нохчийн литература** | | |
|---|---|---|
| **Арсанов С-Б дахар а, кхолларалла а.** | **Сочинени** | **«Маца девза доттаг1алла»** |
| **Мамакаев М. кхолларалла, дахар.** | **Сочинени** | **«Зеламхин васт»** |
| **Гайсултанов 1. дахар а, кхолларалла а.** | **Сочинени** | **«Александр Чеченский»** |

| | | |
|---|---|---|
| | **Сочинени** | **«Нохчийн мотт – дахаран хазна»** |
| **11 класс**<br><br>**Нохчийн литература** | | |
| **Айдамиров Абузар дахар а, кхоллаbooралла.** | **Сочинени** | **«Айдамиров А кхоллаbooралла.»** |
| **Арсанукаев Шайхи дахар а, кхолларалла а.** | **Сочинени** | **«Кхолламан сизаш» Ризванан васт.** |
| | **Сочинени** | **Сочинени «Гора-йа1, нохчийн мотт»** |
| **Шайхиев 1. дахар а, кхоллаbooралла а.** | **Сочинени** | **Сочинени «Шайхиев 1.кхоллараллехь нохчийн къоман г1иллакх- оьздангалла гайтар»** |